**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**2021-2023-жылларда Өзбекстан Республикасының социаллық ҳәм ислеп шығарыў инфраструктурасын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 8-январьдағы 1-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 8-январьдағы 1-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими” (**И.Балтабаев**)не:

а) **еки ҳәпте мүддетте** өз буйыртпашылығындағы объектлер бойынша қаржыландырыў көлемин қурылыс-монтаж жумысларын әмелге асырылыўын календарь кестелери менен тиккелей байланыста анықластырылған жағдайда, жылдан-жылға өтиўши объектлер бойынша 2021-жыл ушын қурылысшының мәнзилли дизими қурылыс басқармасына келисиў ушын киритилиўин тәмийинлеў;

б) **усы жылдың 10-февраль сәнесине шекем** тастыйықланған жойбарларды ҳәм (ямаса) жойбар ҳүжжетлери тийкарында таңлаў (тендер) ҳүжжетлерин комплексли экспертизадан өткериў, жаңадан басланатуғын жойбарлар бойынша сатып алыў тәртип-қағыйдаларын жуўмақлаў илажларын көриў ҳәм таңлаў (тендер) жеңимпазлары менен белгиленген тәртипте буйырпашы шартнамаларының дүзилиўин тәмийинлеў ўазыйпасы жүклетилсин.

3. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:**

қурылыс-оңлаў жумысларын алып барыў ўақтында билимлендириў мәкемелериндеги оқыўшылар, оқытыўшылар ҳәм жумысшы хызметкерлердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде зәрүрий шаралар көриў;

әмелге асырылатуғын жаңа қурылыс, реконструкция ҳәм капитал-оңлаў жумысларын алып барыў бойынша тармақ кестелерин өткерилетуғын таңлаў жуўмағы менен таңланатуғын кесип алып ислеўши мәкемелер ҳәмде буйыртпашы ортасында дүзилетуғын шәртнамалардан соң 10 күн мүддетте тастыйықланған ҳалда усыныс етиў;

ҳәр 15 күнде (ҳәр айдың 1 ҳәм 15 сәнелеринде) 2021-жыл режесине киритилген ҳәр бир билимлендириў мәкемелеринде алып барылып атырған қурылыс-оңлаў жумыслары бойынша мониторинг нәтийжелерин (буйыртпашылар тастыйықлаған ҳалда) “Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими” не усыныс етип барыў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими (**И.Балтабаев**), «Оқыў таълим тәминат» МУК (**Ө.Баймуратов**) 2021-жыл 10-февраль сәнесине шекем Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 28-декабрьдеги ПҚ-4936-санлы қарарының 5- ҳәм 5а-қосымшалары менен тастыйықланған 2021-жылда улыўма билим бериў мектеплериниң мебель, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарьлары ҳәм басқа да техникалық қураллар менен үскенелеўдиң мәнзилли бағдарламасын қәлиплестириў;

қәлиплестирилген мәнзилли бағдарламаға тийисли министрлик ҳәм шөлкемлер менен келисиў ҳәм де мектеплерди үскенелеў бойынша әмелге асырылып атырған жумыслар бойынша министрликтиң «Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими»не мағлыўматларды барқулла киритип барыў;

аймақлардағы халық билимлендириў объектлеринде алып барылыўы белгиленген қурылыс-оңлаў жумыслары ҳәм жойбар-смета шешимлериниң орынланыў сыпаты сондай-ақ, қурылыс норматив қағыйдаларына әмел етилиўи үстинен керекли дәрежеде қадағалаўға алыў;

қаржылардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў, олардың мақсетли ислетилиўин қадағалаўға алыўды күшейтиў, қурылыс-оңлаў жумысларын сыпатлы әмелге асырылыўы ҳәм объектлердиң белгиленген мүддетлерде пайдаланыўға тапсырылыўын тәмийинлеў;

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «2021-2023-жылларда Өзбекстан Республикасының социал ҳәм ислеп шығарыў инфраструктурасын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы 2020-жыл 28-декабрьдеги ПҚ-4936-санлы қарардың 1-қосымшасы менен белгиленген мақсетли бағдарлар шеңберинде 2022-жылда қурыў, реконструкция етиў ҳәм капитал-оңлаў жумыслары әмелге асырылатуғын халық билимлендириў жойбарлар (объектлер)ының мәнзилли дизимин жергиликли ҳәкимликлер менен биргеликте ислеп шығыў ҳәмде 2021-жылдың 1-апрельге шекем

Экономикалық раўажландырыў ҳәм кәмбағаллықты қысқарттырыў министрлигине усыныс киритиў ўазыйпасы жүклетилсин.

Бағдарлама шеңберинде әмелге асырылып атырған жойбар-сметалар бойынша қаржыларды нәтийжели ҳәм мақсетли жумсалыўы, қурылыс-монтаж жумысларын сыпатлы орынлаў, объектлерди белгиленген мүддетлерде иске түсириў;

ҳәр айдың 1- ҳәм 15-сәнелеринде орынларда әмелге асырылып атырған қурылыс-оңлаў жумыслары мониторинг нәтийжелерин улыўмаластырылған ҳалда министрликке усыныс киритип барыў;

2021-жылда улыўма орта билим бериў объектлеринде алып барылып атырған қурылыс-оңлаў жумысларын орынларда бәрқулла үйренип барыў, үйрениў барысында анықланған кемшиликлерди аймақлық ҳәкимликлер ҳәм де буйыртпашы шөлкемлер тәрепинен сапластырылыўы бойынша министрликке усыныс киритип барыў ўазыйпалары тапсырылсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары А. Худайбергеновқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «03» - Февраль
30 – санлы